# СПОРТИВОН ХЪÆСТЫТÆ ХИСТÆР ÆВДÆМ КЪОРДЫ

Г.Алагир.2022г.

**Хъом:** Сыœллœттœ, уœ бон хорз œмœ райдайœм нœ зымœгон бœрœгбон!

Æнхъœлмœ нœм кœсынц хъœзтытœ, худт, алыхуызон хъœлдзœгдзинœдтœ.

Диссаг у афœдза зымœг йœ рœсугъддзинадœй. Абон сывœллœттœ мах œрœмбырд стœм зымœгимœ ахъазынмœ œмœ йын фœндараст зœгъынмœ. Сывœллœттœ зœгъут ма, зымœг цавœр вœййы?

**Хъазт** «Нœхи ахъарм кœнœм».

Уынджы хъызт у .Цœйма, нœ фындзтœ ауусœрдœм.(фындзтœ œуусœрдынц).

Нœ рœстœг дзœгъœл сœфт ма кœнœм. Нœ хъустœм ма февналœм(сœ хъустœм œвналынц)

Аздыхтытœ ма сœ кœнœм. Мœнœ нœ хъустœ дœр ахъармкœнœм(сœ хъустœ здухынц))

Нœ сœртœ банкъусœм (сœ сœртœ œнкъусынц)

Не уœхсчытœ œрхойœм (уœхсчытœ хойынц)

Нœ къœхтœй œртъœпп-тъœпп кœнœм (къœхтœ хойынц)

**Хъом:** Сыœллœттœ œмœ зымœджы кœрон та кœй бœрœгбон фœбœрœг кœнœм?

Фыдыбœстœ хъахъœнœджы бон.

**Сыв-тœ:** Дадаты, фыдты, œфсымœрты œмœ œппœт нœлгоймœгты.

**Хъом**: Тынг раст загътат. Уœ цœрœнбон бирœ. Æмœ уœ фœнды сымах дœр œппœт нœлгоймœгтœн зарœгœй раарфœ кœнын? (О)

**Зарœг «Не фсад»**

**Хъом**: Ныр та сывœллœттœ радзурдзысты œмдзœвгœтœ.

Сывœллœттœ нœ Райгуырœн бœстœйы тыххœй цавœр œмбисœндтœ зонут?

**Давид М**. :Лœгœн дунейыл адджындœрœн цы баззад? – Мад, хœдзар, райгуырœн бœстœ.

**Азамат**: Йœ райгуырœн бœсты чи нœ цœры, уый царды ад нœ зоны.

**Эмилия:** Райгуырœн бœстœ адджын у.

**Алан:** Фыдыбœстœ ныййарœг мадау – адджын.

**Хъом:** Ныр та œрбайхъусут-ма . райдайœм нœ ерыста. Цœмœй нœ ерыстœ райдœйœм уый тыххœй сывœллœттœ, дыуухœ къордыл фœхицœн ут. Алы эстафетœйы кœрон уœлахиздзауœн дœтдзыстœм майдан.. Нœ ерыс куы фœуа,уœд майдантœ баныймайдзыстœм œмœ сбœрœг кœндзыстœм уœлахиздзауы.

**Хъом:** Сывœллœттœ. Миты тъыфыл къухмœ куы райсœм, уœд ыл цы œрцœудзœн?

**Сыв-тœ:** Нœ хъарм къухты атайдзœн œмœ дзы доны œртах рауайдзœн.

**Хъом:** Уœдœ райдайœм нœ фыццаг эстафетœ

**1-аг эстафетæ: :Миты тъыфыл æрмкъухыл».**

Алы къордæн дæр ратдзыстæм миты тъыфыл æмæ æрмкъух. Командæйы фыццаг архайæг йæ къухмæ райсдзæн миты тъыфыл. Пъолыл æвæрд сты кубиктæ æмæ сæ астæуты хъæуы атæхын, модулы алыварс æрзилын, æрбатæхын дæ командæмæ. Æрмкъух æмæ миты тъыфыл раттын иннæ архайæгмæ дæхæдæг аллæу фæстейы. Кæцы командæ сæххæст кæна рæвдздæр йæ хæс, уыцы командæ рамбылдзæн æмæ райсдзæн майдан.
Арфæтæ.

**Хъом:** Сыæллæттæ зæгъут ма, Митын дадайæн та йæ къахы дарæс куыд хуыйны?
**Сыв-тæ:** Валенкæтæ.
**Хъом:** Тынг раст. Нæ иннæ эстафетæ хуыйны :**æн нымæт дзабыртæ».**
Нæ иннæ хъæлдзæг эстафетæ хуыйны **«Митын дадайы нымæт дзабыртæ»**
Хъæты æхсæнты тæхы миты къуыбары онг, йæ алыварс æрзылди, тæхы йæ къордмæ дæтты нымæт дзабырдтæ иннæ архайæгмæ, йæхæдæг лæууы къорды фæстейы. Кæцы командæ сæххæст кæна рæвдздæр йæ хæс, уыцы командæ рамбулдзæн майдан.

**3-аг эстафетæ: «Хоккей»**

Ныфсджын чи у, хъæбатыр чи у. уыдоны хонæм нæ хъазт хоккей-мæ.
Разæй чи лæууы, уыдонæн дæттæм фæйнæ клюшкæйы. Астæуæй чъыргъæды ис пуртитæ. Алы сыввæллон райсдзæн иу пурти æмæ йæ батæра клюшкæйæ воротамæ. Кæцы командæ рæвдздæр кæна йæ хæс, уыцы командæ рамбылдта.

**4-æм эстафетæ: «Кæцы къорд æртымбыл кæндзæн фылдæр миты къуыбæрттæ».**

Пъолыл уыдзæн бирæ миты къуыбæрттæ, музыкæ куы райдайа уæд алы къорд дæр йæхи чыргъæдмæ миты къуыбæрттæ æмбырд кæндзæн. Кæцы къорды чыргъæды фылдæр уа, уыцы къорд рамбылдта.

**Хъом:** Тынг хорз сарæхстыстут уæ ерыстæ сæххæст кæнынмæ. Мах иууылдæр федтам зымæджы. смах æнкъард нæ фæкæнут, фæлæ зымæгон тынг хъæлдзæг уа рæстæг æрвитынмæ.

Ныр та банымайæм алы къордмæ дæр цал майданы ис уый æмæ сбæлвырд кæнæм уæлахиздзау къорды.

**Хъом:** Зæгъут-ма мын уæ хорзæхæй, кæд зымæгæн ныртæккæ йæ кæрон у, уæд нæм цавæр афæдзы афон тагъд кæны?
**Сыв-тæ:** Уалдзæг.

**Хъом:** Ӕмӕ уарзут уалдзӕг? (О).

**Уӕдӕ азарӕм зарӕг «Уалдзӕг».**

Уыйадыл нӕ абоны бӕрӕгбон кӕронмӕ ӕрхӕццӕ ис. Уӕхи равдыстат ныфсджынӕй, сӕрӕнӕй, хъӕбатырай. Цӕрдӕгӕй ӕмӕ уе ппӕтӕн дӕр цӕрӕнбон бирӕ. Мӕ зӕрдӕ уын зӕгъы кӕд фӕнды дӕр царды хъӕлдзӕг куыд уат, уӕ цӕсгӕмттыл та мидбылхудт куыд уа.